

# SA POU W KONNEN AVAN W VANN



1

## REVIZE PRIM OU AN AK ANPIL ATANSYON

Ou dwe fè apèl rekou enfòmèl yo nan pwogram Rekonstwi Florid la **AVAN** ou siyen Akò Sibvansyon an nan moman vant lan fèt la. Yo dwe soumet tout apèl rekou enfòmèl yo nan yon delè 30 jou kalandè apati de dat lèt detèminasyon elijiblite a ak avi pou fè apèl rekou a. Yon fwa yo fin fè odyans apèl la, y ap distribiye desizyon yo pran sou rezulta Apèl Enfòmèl la. Nenpòt moun ki gen enterè konsiderab ke detèminasyon pwogram Rekonstwi Florid la te afekte gen opòtinite pou yo mande yon odyans administrativ nan Divizyon Odyans Administrativ la, konfòmeman ak seksyon 120.569, Lwa Florid la yo. Gen plis enfòmasyon sou pwosesis apèl rekou a ki disponib sou sitwèb pwogram Rekonstwi Florid la: RebuildFlorida.gov

Pandan pwosesis aplikasyon an, ou te verifye ke se ou menm ki toujou mèt pwopriyete ki sibi domaj la epi ou pa te transfere tit li ni w pa te resevwa avi defayans oswa konfiskasyon ki gen rapò ak taks, ipotèk, oswa tit pwopriyete a avan w te resevwa yon prim sibvansyon. Anplis de sa, pwogram Rekonstwi Florid la egzije pou w kontinye kenbe tit pwopriyete a pandan tout dire patisipasyon w nan pwogram lan.

2

## AVANTAJ DOUB YO (DOB)

Lwa sou Sekou aprè Katastwòf ak Asistans Ijans Robert T. Stafford la entèdi tout moun resevwa fon asistans federal pou katastwòf pou menm objektif ak fon yo te resevwa avan yo. Yo defini Avantaj Doub yo (DOB) kòm nenpòt fon ki disponib ak/oswa yo resevwa nan men Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA), asirans (privé oswa Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an (NFIP), Asosasyon Ti Biznis lan (SBA) oswa nenpòt lòt sous finansman ke yo prevwa itilize pou reparasyon oswa ranplasman lojman an.

Yo te egzije w sètifye ke w te rapòte tout sous DOB yo pandan pwosesis aplikasyon an. Y ap revize sa a pandan verifikasyon elijiblite a, avan egzekisyon Akò Sibvansyon an, epi ankò avan yo fèmen dosye a. Lè w akspete prim lan, ou dakò ke ou pral rapòte nenpòt fon doub ou resevwa bay pwogram lan kèlkewa lè w te resevwa l epi ou pral siyen yon Akò Sibstitisyon. Si w te resevwa fon adisyonèl avan w te vann pwopriyete a, pwogram lan pral rekalkile prim ou an epi y ap ba w enstriksyon pou fè w konnen si y ap retire kantite sa a nan prim lan, oswa si w dwe remèt pwogram lan kantite sa a kòm ranbousman.

## EGZANP KALKIL SIVBANSYON AN

Depans Reparasyon Elijib yo	\$95 000
Avantaj Doub yo	
• Asistans FEMA pou reparasyon estriktirèl yo	\$20 000
• Asirans Prive pou reparasyon estriktirèl yo	\$35 000
Kantite Total Avantaj Doub yo	\$55 000
Prim Sibvansyon Elijib Maksimòm	\$40 000

3

## DIFERANS FINANSMAN DOB (SI APLIKAB)

Si w te resevwa oswa yo te apwouve pou w resevwa finansman nan lòt sous (tankou FEMA oswa SBA) pou w repare kay ou ke tanpèt la te andomaje a, lwa federal la egzije pou pwogram Rekonstwi Florid la retire fon sa yo nan kantite prim w ap resevwa pou anpeche yon DOB. Yo konn rele kantite finansman doub ke yo pa kapab enkli nan prim sibvansyon w lan yon Diferans DOB. Si w gen yon Diferans DOB, ou dwe voye Fon Diferans DOB a bay pwogram Rekonstwi Florid la pou yo ka depoze l nan yon kont eta a jere. Pwojè w la pap avanse al nan faz konstriksyon an pazavan pwogram lan resevwa Fon Diferans DOB yo, yo depoze yo epi yo ankesè yo. Yo melanje fon sa yo ak fon sibvansyon pwogram lan yo pou yo asire yo ka konplètman finanse ak konplete pwojè reparasyon/rekonstriksyon yo. Y ap depanse tout finansman ki soti nan Finansman Diferans DOB yo an premye, avan yo itilize fon pwogram lan yo. Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) gendwa sijè a sanksyon civil oswa kriminèl daprè 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.

Yo dwe peye tout Fon Diferans DOB yo ak yon chèk labank oswa yon manda postal (money order) epi yo dwe tabli l nan non Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la. Ou dwe mete ID Aplikasyon w lan nan memo chèk sètifye a pou rezon swivi ak woutaj. Ou ka pote Fon Diferans DOB yo nan Sant Admisyon an an pèsòn OSWA voye l pa lapòs nan adrès ki annapre a: **Rebuild Florida Housing Repair and Replacement Program, Attn: DOB Gap Funding, 124 Marriott Drive, Suite 202, Tallahassee, Florida 32301.**

## 4

### EGZIJANS ASIRANS INONDASYON YO

Si estrikti w la sitiye nan yon Zòn ki gen Risk Inondasyon Espesyal, li ap obligatwa pou w kenbe asirans inondasyon estriktrèl kòmsadwa pandan TOUT peryòd la. Daprè Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasyonal 1994 la, si w pa kenbe asirans inondasyon an aktiv sou pwopriyete ki sibi domaj la, sa ap rann ou inelijib pou asistans federal pou rekiperasyon aprè katastwòf alavni.

Si w gen asirans inondasyon, ou dwe soumèt prèv ki montre w gen asirans inondasyon oswa yon lèt refi (si inite a pa asirab paske l an movèz eta) avan w siyen Akò Prim Sibvansyon w lan. Kantite ki nan politik asirans lan dwe mwens pase swa: a) montan asirab total estrikti a jan konpayi asirans byen konsène a detèmine, oswa b) kantite maksimòm ki disponib pou estrikti a daprè Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la, oswa yon pwogram siksesè. Y ap baze montan asirab total estrikti a sou pri total pwojè Pwogram lan ap koute pou Aplikan an.

Pwogram Rekonstwi Florid la pral peye pou yon ane asirans inondasyon si w pa gen asirans inondasyon aktyèlman epi si w pa te resevwa asistans federal avan. Ou responsab pou w chache jwenn, peye ak mentni tout prim asirans inondasyon apre premye ane a.

- Si pwopriyete w la sitiye nan yon plèn inondab santenal (100 tan), li ap obligatwa pou w mentni asirans inondasyon aktiv pou toutan epi ou dwe avize nouvo pwopriyète yo de egzijans asirans inondasyon yo.

### DOKIMAN KI GENDWA OBLIGATWA NAN LÈ LAVANT LAN

- ID Leta pou w Prouve Prezans ou Legal
- Enfòmasyon Revni Ajou (si gen 12 mwa ki pase deja depi lè yo te fè verifikasyon an)
- Prèv Asirans Inondasyon Aktiv si gen yon politik ki deja an plas (aplikan ki nan Zòn Inondasyon yo)
- Ankèt sou Lokatè/URA (Identifye bezwen pou Avi GIN ak "Anmenajman" (Si sa aplikab)
- Chèk Finansman Diferans DOB
- Pwokirasyon (si sa aplikab)
- Fòmilè Finisman Pwogram lan yo

## 5

### EGZIJANS SITWAYÈNTE

Yo ka ofri finansman sibvansyon federal sèlman bay sitwayen ameriken oswa moun ki prezan legalman nan Etazini. Sèlman sitwayen ameriken oswa etranje kalifye yo (pa egzant moun ki gen rezidans, refijye) ki elijib pou yo resevwa asistans nan kad Pwogram lan. Yon etranje ki pa yon "etranje kalifye" jan Lwa sou Responsablitè Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay 1996 la ("PRWORA") defini an pap elijib pou okenn "avantaj federal publik." Y ap verifye estati sitwayènte nan moman lavant lan.

## 6

### KONSTRIKSYON

Pwogram Rekonstwi Florid la te devlope yon Estime Kad Travay (SWE) ki baze sou dega yo te obsèvre pandan Pwogram lan t ap fè enspeksyon nan kay ou a. Montan SWE a baze sou materyèl kategori estanda/ekonomi ak pri mendèv nòm endistri a yo. Yo dwe konplete tout atik ki nan SWE a yo. Si w pa dakò ak materyèl kategori estanda/ekonomi yo (tout oswa yon pati ladan), lè sa ou gendwa kite pwogram lan. Pwogram lan pap pèmèt ou aksepte yon pati nan prim sibvansyon an.

Apre w fin vann pwopriyete a, yon kontraktè pwogram Rekonstwi Florid la apwouve pral kowòdone avèk ou pou yo kòmanse konstriksyon an. Si jiridiksyon oswa minisipalite lokal ou a te ba w yon Lèt Dega Sibstansyèl (SDL), oswa yon Lèt Amelyorasyon Sibstansyèl (SIL) pou kay ou a, li obligatwa daprè SDL oswa SIL la pou w fè kay ou a vin konfòm ak kòd konstriksyon Florid la, ki gendwa gen ladan elvasyon, rekonstriksyon oswa demolisyon kay ou a. Ou dwe bay Pwogram lan yon kopi SDL oswa SIL ou a (si sa aplikab) avan w siyen akò sibvansyon w lan. Si w pa fè yo konnen enfòmasyon sa a, sa ka lakoz ou inelijib pou sibvansyon ak/oswa anpeche w rekipere fon federal yo te devèse avan yo.

Si SWE a egzije pou w kite kay la pandan peryòd konstriksyon an, yo atann pou w retire tout byen pèsònèl ou yo nan kay ou a nan dat oswa avan dat yo espesifye nan akò kontraktè w la. Si yo demenaje nenpòt lokatè, y ap ba yo avantaj demenajman konfòmeman ak Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA) ak tout egzijans, restriksyon ak/oswa egzansyon ki asosye yo dekri nan Avi Rejis Federal (yo), gid federal ki preskri yo ak URA menm.

Enspeksyon Finisman Sibstansyèl Pwogram lan ap fè a ap dènye enspeksyon y ap fè pou garanti ke tout travay yo fèt nan fason satisfisan daprè kòd ak estanda eta oswa lokal yo kòmsadwa. L ap plis konfime ke tout fòs aplikasyon kòd konstriksyon ak enspektè tyès pati yo te aksepte travay la, epi ke kay la satisfè tout estanda Pwogram lan yo. Yo dwe fè yon egzamen pou asire pa gen penti ki a baz plon (si sa aplikab), ansanm ak prèv asirans inondasyon ak/oswa elvasyon apwopriye (si sa aplikab) yo dwe dokimante pou yo ka fèmen aplikasyon w lan.

## 7

### ESTANDA BILDING EKOLOJIK YO

Reparasyon y ap fè nan kay ki te sibi domaj sibstansyèl yo pral konfòm ak Lis Verifikasiyon Renovasyon Bilding Ekolojik HUD CPD a nan mezi sa posib. Tout amelyorasyon sibstansyèl, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon yo dwe satisfè nòm yo rekonèt nan endistri a yo ki te attèn sètifikasiyon daprè omwen youn nan pwogram ki annapre yo: (1) ENERGY STAR (Kay Sètifye oswa Bilding Miltifamillyal a Plizyè Etaj), (2) EPA Indoor Air Plus (Energy Star se yon kondisyon preyalab), (3) LEED (Nouvo Konstriksyon, Kay yo, Bilding Wotè Mayèn yo, Operasyon ak Antretiyen Bilding ki la Deja yo, oswa Developman Katye), oswa Estanda Bilding Ekolojik Nasyonal (4) ICC-700 an.